



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU REDUI AK JERE DECHÈ

Lejislasyon S.6334/A.5605 a gen rapò ak plan lokal sou jesyon dechè solid yo

Lejislasyon S.6815/A.7564 ankouraje eliminasyon itilizasyon kèk atik plastik ki itilize yon sèl fwa nan kanpis SUNY ak CUNY

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki egzije plan lokal sou jesyon dechè solid yo fè efò pou ogmante detounman dechè, sa gen ladan nan resikle ak konposte epi ankouraje eliminasyon itilizasyon atik plastik ki itilize yon sèl fwa nan kanpis Inivèsite Eta New York la (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York la (City University of New York, CUNY).

"Avèk desten planèt la ki arisk, New York dwe kontinye montre chemen an nan konba global kont kriz klimatik la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pake lejislasyon sa a pral asire Nouyòkè yo ap resikle, konposte ak elimine pwogresivman pwodui plastik inital yo, sa ki mete eta nou an sou wout pou yon avni ki pwòp ak pi vèt".

Lejislasyon S.6334/A.5605 egzije plan jesyon dechè lokal yo pou ajoute metòd pou ogmante detounman dechè yo. Pandan n ap chèche konbat chanjman klimatik la, resiklaj ak konpostaj la ap vin zouti san valè ki pral pèmèt Eta New York kenbe dechè deyò dechaj yo.

Senatè Rachel May te deklare, "Twòp dechè ki ta ka resikle oswa konposte ale nan dechaj. New York te fè pwogrè konsiderab nan redui kantite dechè nou jenere men nou ka fè plis toujou. Lejislasyon sa a mande minisipalite yo pou asire yo konsidere kijan pou ogmante resiklaj ak konpostaj pandan y ap jere dechè solid. Isit la nan Konte Onondaga, nou te konstwi yon enstalasyon trè modèn pou konpostaj dechè alimantè ak dechè jaden, epi se te yon siksè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a epi pa ka tann pou wè minisipalite yo fè pwogrè nan evite dechè yo tonbe nan dechaj".

Manm Asanble Harvey Epstein te deklare, "Detounen konpostab ak resiklab yo deyò sikilasyon dechè nou an se yon pati kle nan redui emisyon gaz a efè—avèk lejislasyon nou an, n ap mande lokalite ozalantou eta a pou prepare yon plan sou fason pou akonpli sa a. Bese gaz nosif sa yo esansyèl pou asire nou satisfè objektif Lwa sou

Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a. Mwen fyè travay avèk Senatè May ak Gouvènè Hochul pou batay yo kont chanjman klimatik depi nan nivo lokal".

Lejislasyon S.6815/A.7564 travay pou elimine plastik ki itilize yon sèl fwa yo nan kanpis SUNY ak CUNY nan egziye administratè lekòl yo kolabore avèk etidyan, pwofesè ak anplwaye yo. Sa pral diminye dechè plastik yo pou anpeche yo afekte anviwònman an yon fason negatif.

Senatè Brian Kavanagh te deklare, "Envèsè kouran polisyon plastik la kòmanse nan mete yon fen nan atik plastik ki itilize yon sèl fwa yo nenpòt lè ak nenpòt kote nou kapab. Nan mobilize kanpis SUNY ak CUNY nou yo nan efò sa a, lwa sa a ap pote yon rediksyon konsiderab nan depandans nou sou plastik, pandan n ap angaje etidyan ak pwofesè nan pratik dirab nou dwe adopte nan tout sektè sosyete nou an pou fè eta a vin pi vèt ak pi an sante. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pati lejislasyon enpòtan sa a ak Manm Asanble Pat Burke dèske li te defann pwojè lwa a nan Asanble a".

Manm Asanble, Patrick Burke, te deklare, "Nou sou bon wout pou nou elimine plastik ki itilize yon sèl fwa yo nan peyi sa a ak eta sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a ak ko-esponnsò Sena mwen an, Brian Kavanagh, dèske li rejwenn mwen nan efò anbisye sa a".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li siyen mezi sa yo ki tounen lwa pou amelyore pratik jesyon dechè solid yo nan nivo lokal ak ede redui ak retire plastik ki itilize yon sèl fwa yo ak lòt dechè an eksè ki alimante kriz klimatik la. Nouvo lwa entèlijans sa yo konplete estrateji global Eta New York pou redui dechè, ankouraje dirabilite ak konbat chanjman klimatik sou tout aspè".

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Nou dwe pi byen jere anviwònman nou an epi etidyan SUNY nou yo ak anplwaye yo angaje anpil pou dirabilite anviwònmantal, sa gen ladan nan baze sou rediksyon dechè reyisi nou an ak efò resiklaj sou kanpis nou yo. Nouvo lwa sa a bay yon lòt opòtinite pou kanpis SUNY nou yo gide chemen an nan travay ansanm pou fè eliminasyon dechè plastik tounen yon reyalite. Nou remèsye Gouvènè a ak manm lejislatif yo ki te ede fè règleman sa a tounen yon reyalite".

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "CUNY gen yon obligasyon pou ranfòse règleman ak pratik yo ki pral redui dechè ki pa nesèsè ak fè monn lan vin yon plas pi pwòp, pi an sante pou viv. Lejislasyon sa a, ki vize elimine plastik ki itilize yon sèl fwa sou kanpis nou yo, pral gen yon enpak mezirab. Mèsi pou Gouvènè Hochul dèske li abòde pwoblèm nan ak dèske li mete lafwa li nan CUNY pou travay avèk etidyan, pwofesè ak anplwaye yo pou pote chanjman pozitif nan anviwònman an. CUNY plis ke pare pou entèveni ak fè sa ki nesèsè pou asire yon avni ki pi sen pou Nouyòk yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)